


Ede Moun Ki Gen Pwoblèm Pou Tande



Reyadaptasyon Pwofesyonèl ede moun ki kalifye ki Soud, ki Tande Di ak moun ki Soud epi ki Avèg jwenn oswa konsève yon pi bon travay

Depatman Edikasyon Florida a, Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl (Vocational Rehabilitation, VR) ede moun ki kalifye ki Soud, ki Tande Di ak moun ki Soud epi ki Avèg.

Jwenn yon Travay

Yon konseye VR ap travay avè w pou w chwazi travay k ap pi bon pou ou a. VR kapab ba ou:

- Yon plan travay pèsònèl.
- Yon konseye nan domèn travay pou ede w ekri yon CV epi aplike pou travay.
- Entèprèt nan lang siy pou w chache travay epi jwenn entèvyou.
- Aparèy èd pou w koute pou w chache travay epi jwenn entèvyou.

Konsève yon Travay

Kominikasyon nan travay kapab yon defi. VR kapab bay:

- Èd teknolojik pou koute pou ede w kominike nan espas travay.
- Resous pou ede w reyisi karyè ou.
- Kou lang siy debaz pou kòlèg ou yo.
- Fòmasyon pou patwon sou fason pou yo kominike ak ou.

Fason pou Ou Kòmanse ak Reyadaptasyon Pwofesyonèl

1

Jwenn yon Biwo VR ki Toupre Ou



Rele nan 850-245-339 oswa fè apèl gratis nan 800-431-4327. Endike operatè a non konte ou abite a. N ap transfere w bay biwo VR ki pi pre a. Ou kapab itilize Relè Videyo oswa Relè Relay 711.



Ale anliy sou RehabWorks.org/office_directory.shtml aepi chache nan Repètwa Biwo VR la.

2

Aplike pou Sèvis VR

Ale nan biwo ki pi pre w la epi ranpli yon aplikasyon pou VR.

3

Patisipe nan Oryantasyon

Oryantasyon se yon rankont k ap ba w plis enfòmasyon sou fason VR kapab ede w jwenn oswa konsève yon pi bon travay.

4

Rankontre yon Konseye VR

Yon konseye VR ap pale avèk ou pou l wè si ou kapab benefisye sèvis VR. Si w kalifye, w ap travay ak konseye VR ou a pou w jwenn sèvis, fòmasyon, sipò epi l ap ede w jwenn oswa konsève yon pi bon travay.

Resous Anliy

Asosyasyon Granmoun ki Soud nan Ta
www.alda.org

Pwogram Medya yo Dekri epi Soutitre
www.dcmp.org

Asosyasyon Moun ki Soud nan Florida
www.fadcentral.org

Konsèy Kowòdinasyon Florida pou
Moun ki Soud ak Moun ki Tande Di
www.fccdhh.org

Kòporasyon Relè Telekomunikasyon Florida
www.ftri.org

Asosyasyon Ameriken pou Moun ki
Gen Pwoblèm pou Tande
www.hlaa.org

Sant Nasyonal Helen Keller
www.hknc.org

Asosyasyon Nasyonal pou Moun ki Soud
www.nad.org

Patnè Reyadaptasyon Pwofesyonèl

VR kapab voye w bay yon ajans patnè pou lòt sèvis, sitou Ajans pou Moun ki gen Andikap, Sous Karyè Florida, Divizyon Sèvis pou Moun ki Avèk ak sant lokal vi endepandan.

Depatman Edikasyon Florida a, Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl Vocational Rehabilitation, VR) se yon patwon ki respekte prensip egalite chans. Li ilegal pou VR, kòm benefisyè ed finansye federal, diskrimine moun nan Etazini sou baz ras, koulè, relijyon, sèks, orijin nasyonal, laj, andikap, afilyasyon politik oswa konviksyon. Pwosesis aplikasyon VR itilize pou detèmine kalifikasyon pou sèvis la, tout sèvis ann aprè ak tout pwosesis VR la koube anba egzijans zewo diskriminasyon sa yo. Gen ed ak sèvis ed ki disponib sou demann pou moun ki gen andikap. Pwogram VR resevwa 78.7 pousan nan finansman li apati yon sibvansyon Depatman Edikasyon Ameriken an. Pou ane fiskal federal 2020 an, montan total sibvansyon yo bay yo te rive \$153,000,001. Kredi Eta Florida te finance rès 21.3 pousan nan pri a (\$41,409,148). Yo revize li ann oktòb 2020.